

# TATA PANGIBADAH MINGGU PENGETAN PENTAKOSTA

## GKJ AMBARRUKMA – 19 MEI 2024

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

(Warni Liturgis: Abrit, Stola/Logo/Simbol : Lidhah Geni+Peksi Dara)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

***Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.***

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Sangalas Mei Kalih Ewu Kawan Likur** (19 Mei 2024). Dinten Minggu punika inggih **Minggu Pentakosta**, kita pengeti tumedhakipun Roh Suci dhateng kita sadaya.

Sumangga Bapak, Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Kapenuhan Sang Roh Suci**” badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Gangsal Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 5 : 1 lan 2), “Dhuh Pangeran” (Lancaran Laras Pelog Pathet Barang) ... ingkang kairing dening Karawitan Kalvari Adi.....pasamuwan kasuwun jumeneng**

- |   |  |
|---|--|
| (1)      Dhuh Pangeran ingkang Maha Suci, | (2)      Gusti Tresna mring kula sadaya, |
| Kula sami marek tetunggilan,              | Saking kilen miyah saking wetan,         |
| Salir bangsa salumahing bumi,             | Sami nunggil klayan Sang Pamarta,        |
| Amemuji asmane Pangeran.                  | Yesus Kristus kang dados panutan.        |

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.)*

**3. Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Pentakosta punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : . . 7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 2  
Amin, Amin, A - min.

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**4. Lektor : Sabda Introitus : Lelakone Para Rasul 2 : 1 - 4**

- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

**5. Liturgos :** “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ing patunggilanipun Gusti Yesus. Tumedhakipun Sang Roh Suci sampun kita tampeni lan dedalem ing manah kita. Matemah gesang kita tansah katuntun dening Roh Suci menika supados gesang kita sembada.

Pramila, kita sesarengan sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken kidung **“Pinujia Sang Kristus”** (*Lancaran Laras Pelog Pathet Barang*)

- (1) Pinujia Sang Kristus, Pinujia Asmane,  
Luhur, mulya ing ngaluhur,  
Pinujia Asmane, langgeng salaminya.
- (2) Pinuji Gusti Yesus, pinuji salawase,  
Luhur, mulya ing ngaluhur,  
Mbirat dosa umat-E, puji salaminya.

**6. Sabda Andharaning Katresnan : Litani**

- Pandhita** : *Lelakone Para Rasul 2 : 5 – 6*  
Nalika samana ing Yerusalem ana wong-wong Yahudi kang saleh saka sarupaning bangsa ing sangisoring langit.  
Bareng ana swara mangkono mau, tumuli wong akeh padha teka kumrubit sarta padha kuwur atine, amarga saben wong krungu para rasul padha ngandika ngagem basane wong-wong mau.

- Pasamuwan** : *Lelakone Para Rasul 2 : 13*  
“Apa ta tegese iki?” Nanging wong liyane ana kang ngece, calathune: “Wong iku rak padha mendem anggur manis.”

- Pandhita** : *Lelakone Para Rasul 2 : 14 – 15a*  
Rasul Petrus tumuli jumeneng dalah para kanthine sawelas, sarta ngandika kalawan swara sora marang wong-wong mau: “Para sadherek Yahudi saha panjenengan sadaya ingkang sami dedalem ing kitha Yerusalem, mugi sami nguninganana saha kula aturi midhangetaken atur kula.  
Tiyang-tiyang punika boten sami mendem,
- Sadaya** : *Lelakone Para Rasul 2 : 21*  
Anadene saben wong kang nyebut asmaning Pangeran iku bakal kapitulungan rahayu.

## 7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuan kagunganipun Gusti, kita kadhawuhan wanuh saha miturut Pangandikanipun Gusti, awit saben tiyang ingkang nyebat asmaning Pangeran menika badhe kapitulungan rahayu.

Gusti sampun nimbali kita tiyang dosa saha kapitulungan rahayu. Kita cawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Seket Pitu pada Setunggal lan Kalih (KPK 157 : 1 lan 2)** **“Pracaya” (Ladrang Laras Pelog Pathet Barang)**

- (1) He wong kang kabutan dosa, Gusti ungsenana,  
Agung sih pangapunten-Nya, mring wong kang pracaya,  
Pracaya, pracayaa, among pracayaa,  
Gusti kwasa, Gusti kwasa, angluwari sira.
- (2) Gusti wus nglampahi seda, ngrebat dosa kita,  
Rahe nucekken ing kalbu, dyan putih lir salju.  
Pracaya, pracayaa, among pracayaa,  
Gusti kwasa, Gusti kwasa, angluwari sira.

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Gusti Allah kawula Gustining sarwa tumitah, pinuji-pujaia asma Paduka ing Sang Kristus. Kanthi pamuji sokur kawula aturaken ing Ngarsa Paduka.

Gusti Paduka mboten nate nilaraken kawula, titah kagungan Paduka. Katitik Paduka nimbali kawula sami tiyang dosa menika. Matemah kawula saget kapitulungan rahayu ingkang saking Paduka. Gusti, kawula nyuwun pangaksama saha sih wilasa dumateng sadaya karingkihan kawula punika. Nyuwun Paduka Gusti lumantar Sang Roh Suci madhangi kawula.

Lumuntur saha linubering berkah kawula suwun linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus, Imam Agung ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

**9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat & Pangatag-atag Gesang Anyar : Yokenan 15 : 26 - 27**

**10. Liturgos :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Sang Juru Panglipur Rohing kayekten ingkang dipun utus Sang Rama sampun rawuh lan kita tampeni ndayani kita sami dados paseksi, awit kita sampun nunggil ing Gusti.

Kita ngaturaken pepujen pinangka kesanggeman menika, kanthi ngluhuraken asmanipun Gusti, lumantar ungelung pepujen **“Roh Suci Rohing Kayekten”** (*Ladrang Sumengkaningrat Laras Pelog Pathet Barang*)..... *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Dhuh Roh Suci, Roh Kayekten, maringana kasekten,  
Mrih tyang pracaya nekseni Injil Sucinya,  
Srana tumindak sanyata.
- (2) Dhuh Roh Suci, Rohing Allah, mugi nganyarken manah  
Kula sadaya sarta ngiyatken pracaya  
Amrih kula tansah setya.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**11. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*

- a) Pandhita : Pandonga Epiklese
- b) Pandhita : maosaken Yokenan 16 : 4b - 15
- c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

**Pasamuwan:** 2 3 2 7 2 3 . . 2 3 2 7 2 3 . .

Haleluya Amin Haleluya Amin

2 3 5 6 7 6 . . 5 7 6 5 6 5 . .

Haleluya Amin Haleluya Amin

- d) Pandhita : Paladosan Khotbah

- e) Irah-irahan: “Kapenuhan Sang Roh Suci”

- f) Ancas : Pasamuwan abdinipun Gusti ngraos-ngraosaken bilih Sang Roh Suci sampun kaparingaken ing manah satemah manah kepenuhan ing Sang Roh Suci.

**12. Pisungsung**

**Imam :** “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber tan kendhat ing gesang kita. Pramila, sumangga minangka atur panuwun sokur, kita nyaosaken pisungsung ingkang sampun kacawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirungan saha pisungsung caos syukur **Pengetan Pentakosta** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, sinerat wonten ing kitab **Jabur pasal Tigang Dasa ayat Gangsal (Jabur 30 : 5)** ingkang mekaten suraosipun: “*Padha ngidungna masmur kagem Sang Yehuwah, he para wong kang dikasihi, sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmane kang suci!*”

Sesarengan kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening kidung “**Caos Pisungsung**” (*Lancaran Laras Pelog Pathet Nem*)

- (1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung,  
Krana gunging sih rahmat datan kendhat,  
Bandha arta lan pethingan,  
Gesang tansah binerkahan.
- (2) Tangan suku kula tansah makarya,  
Mrih sesami nampi berkahing Gusti,  
Nampeni berkahing Gusti,  
Ngantos dumugeng wekasan.
- (3) Bandha kasugihan wah kasagedan,  
Gesang sawetahnya pisungsung nyata,  
Pisungsung nyata dadosa,  
Mrih kamulyaning Pangeran.

### 13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ating, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.

- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

**16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kagunganipun Sang Kristus, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi tansah pitados bilih kita sampun kapenuhan dening Sang Roh Suci peparingipun Gusti matemah kita tansah dados umat ingkang pitados Yesus Kristus Gusti kita.

Sesarengan, pangibadah ing wekdal enjang punika kita pungkasi kanthi repening kidung **“Gusti Panuntun Kula” (Ketawang Laras Pelog Pathet Nem)**

- (1) Gusti nuntun lampah kula, saklangkung nggen kula begja,  
Tenga pundi purug mami, tansah kula dipun kanthi,  
Nggih Gusti kang ngantri mami, Asta-Nya pyambak kang ngantri,  
Sun ndherek teng pundi-pundi, wit kinantri dening Gusti.
- (2) Dadosa mlampah yen siang, yen manah raose padhang,  
Dadosa kesaput ratri, kula dipun kanthi Gusti,  
Nggih Gusti kang ngantri mami, Asta-Nya pyambak kang ngantri,  
Sun ndherek teng pundi-pundi, wit kinantri dening Gusti.

**17. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu Pentakosta, mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”